

Ukwubaka urugo hataragera n'uguhatirwa kwubaka urugo

Early and forced marriage

Kirundi/Ikirundi

**Ukwubaka urugo hataragera n'uguhatirwa kwubaka binyuranye
n'amategeko mu ntara zose hamwe n'amareta yose yo muri Australia.
Vyongeye biranyuranye n'amategeko gufata umuntu ukamujana mu
kindi gihugu kugira ngo yubake urugo hataragera canke ngo ahatirwe
kurwubaka.**

Ukwubaka hataragera canke ku gahato ni iki?

Kwubaka hataragera ni igihe umuntuarongowe canke arongoye atarashikanalmyaka 18. Vyitwa kandi urugo rwo mu bwana.

Guhatiwa kwubaba ni igihe umuntu ashizweko igitsure, atewe ubwoba canke ahendahenzwe mu ngo yubake biciye muri ubu buryo:

- > kwumvishwa yuko azoba ateje isoni umuryango wiwe igihe atarongoye canke ngo arongorwe
- > kumuhotera canke kumutera ubwoba we nyene canke uwo akunda
- > kugumana ivyete vyiwe vy'inzira, nka paseporo, kugeza igihe yemereye kuzokwubaka
- > kumuryosharyosha canke mu kubesha - mu kuvuga yuko bagiye mu mahanga mu kiruhuko canke ko bagiye gushimana.

Mu gihe
imico kama
canke imigirwa y'idini
inyuranije n'n'itegeko
ryo muri Australia,
itegeko ryama riza
imbere y'ibindi
vyose.

Itegeko ryo muri Australia rivuga iki?

Itegeko rivuga yuko:

- > abantu bamaze imyaka 18 n'iyyirenga bashobora kwihitiramwo ata gahato ko bazubaka canke batazubaka kandi mbere bakanihitiramwo uwo bazokwubakana
- > uwo ari we wese atarawkiza imyaka 18 ntashobora kurongora kwubaka. Mu bihe bidasanzwe uwufise imyaka 16 canke 17 arashobora gusaba sentare uruhusha rwo kurongora canke kurongorwa
- > ugushingira biciye mu mico, mw'idini canke kwandikwa muri reta n'uwa'ari we wese ari musi y'imyaka 18 ntivyemewe n'amategeko.

**Ukwubaka hataragera n'uguhatirwa
kwubaka kenshi na kenshi bishikira
abakobwa ariko kandi birashobora no
gushikira abahungu. Abavyeyi barashobora
kwumva ko baremerewe n'umuryango canke
ikibano ngo babandanye iyo migirwa n'igihe
baba barashitse muri Australia. Iyo ivyo
bishitse, mwibuke yuko ukwubakana
nk'ukwo ari ivyaha kandi bifise ibihano
bikomeye.**



Government of
South Australia

Gufasha abavyeyi kuba beza uko bashoboye

Inyungu z'ukudahatira abakiri bato kwubaka

Igihe abakiri bato badahatiwe kwubaka, kenshi na kenshi bibashikana ku:

- > kwiga bakamara amashuri
- > kuronka akazi keza
- > gutwara inda neza kandi bakibaruka neza
- > kwakiranwa icubahiro
- > gushikirwa gake n'ivy'ihohoterwa, hari mwo n'ugufatwa ku nguvu.

Twovuga iki ku guhitiramwo umuntu uwo bubakana?

Guhitiramwo umuntu uwo bubakana biremewe muri Australia. Aha ni igihe umuntu yemereye abavyeyi biwe canke uwundi muntu ko bamuronderera uwo bazokwubakana. N'aho biri uko, abo bantu bose bazorongorana bategerezwa kuba bamaze canke barengeje imyaka 18 kandi bakavyiyemerera ata gahato ko bazubakana.

Kuronka imfashanyo

Saba imfashanyo ubwo nyene nimba uzi ko hari umuntu ahakwa gukwege wa mu vyo kwubaka ku gahato canke hataragera canke naho ngo ajanwe mu kindi gihugu kugirira yo ubukwe. Ushobora:

- > kubibarira ababijejwe. Babikora mw'ibanga. Urashobora gusaba umusobanuzi
- > guhamagara Polisi
- > guhamagara ukitura abajejwe gukingira ihohoterwa ry'abana
- > kubivugana n'abakozi bo kw'ishuri.

Ukwubaka
hataragera no kwubaka
ku gahato vyonona amagara
y'abakiri bato n'imibereho
myiza yabo kandi biciye kubiri
n'uburenganzira bwabo bwa
kiremwa muntu.

Amashirahamwe

Polisi ya Australia yo mu bumanuko (SA Police)

000 nimba umuntu ari mubibazo muri uwo mwanya nyene
13 14 44 iyo hari ingorane ariko atari ubwo nyene

Polisi ya Reta ya Australia (Australian Federal Police (AFP))

13 12 37 AFP yarigishijwe bihagiye kugira ngo ifashe abantu bari mu kaga ko kwubaka ku nguvu
www.afp.gov.au/what-we-do/crime-types/human-trafficking

Umurongo uhamaragako utabariza umwana (Child Abuse Report Line)

13 14 78 umwanya uwo ari wo wose haba ku murango canke mw'ijoro
Iyo wewe canke umuntu uzi yoba ari mubibazo
www.childprotection.sa.gov.au/reporting-child-abuse

Umurongo wo kwitabaza iyo hari intambara mu nzu (Domestic Violence Crisis Line)

1800 800 098 umwanya uwo ari wo wose haba ku murango canke mw'ijoro
Bifasha iyo habaye intambara, guhabwa indaro yihutirwa hamwe n'ukurungikwa
ahandi <http://womenssafetyservices.com.au>

Umurwi ufasha mu vy'amategeko SA (Legal Services Commission of SA)

Ronderera impanuro kuri 1300 366 424, isaha 3 zo mu gitondo gushika isaha 10.30 ku muhingamo, kova kuwambere gushika kuwa gatanu
Impanuro zihuta kandi ku buntu mu bijanye n'amategeko www.lsc.sa.gov.au

Ubuyobozi bw'imgenderanire n'amakungu hamwe n'urudandazwa (Department of Foreign Affairs and Trade)

1300 555 135 umwanya uwo ari wo wose haba ku murango canke mw'ijoro
nimba weye uri muri Australia kandi ukaba ukeneye imfashanyo
+61 2 6261 3305, SMS +61 421 269 080 nimba uri hanze y'igihugu <http://dfat.gov.au>

Anti-Slavery Australia

02 9514 8115, isaha 3 zo mu gitondo gushika isaha 11 ku mugoroba, kova
kuwambere gushika kuwa gatanu canke antislavery@uts.edu.au
Impanuro mu vy'amategeko no mu vyo kwimuka ku bijanye n'ugushira abantu mu
buja, kudandaza abantu hamwe n'imigenzo ijanye no kugira abantu abaja
www.antislavery.org.au

My Blue Sky

Amakuru ajanye no kwubaka ku gahato n'imironzo y'ukuronka impanuro
z'amategeko ku buntu www.mybluesky.org.au

Australian Red Cross

8100 4666 canke 1800 986 401 canke National_STPP@redcross.org.au
Nimba ukeneye gufasha kwakura Polisi ya Australia

Ibikorwa vyo gusobanura indimi (Translating and Interpreting Service (TIS National))

13 14 50 umwanya uwo ari wo wose haba ku murango canke mw'ijoro ku
basobanuzi bo kuri terefone www.tisnational.gov.au

Aka gatabo koroshe kayobora abavyeyi ni kamwe mw' 9 twateguwe na Parenting SA ku miryangoo mishasha yo mu bibano bitandukanye
icinjira muri Australia y'efyo. Twashaka gushimira amashirahamwe menshi n'imiryango yaterereye ubuhinga n'ubumenyi bwabo mu
gutegura utu dutaboo, cane cane imiryango hamwe n'abakozi amafoto yabo aboneka muri two.

Parenting SA ifashanya n'Ubuyobozi bw'Indero hamwe n'urunani rwitaho amagara y'abakenyezi n'abana.

Iterefone (08) 8303 1660

www.parenting.sa.gov.au

Udutaboo tworoshe tuyobora abavyeyi tuboneka kuri gusa muri Australia yefyo

Icitonderwa: Inkuru zirimwo ntizitwara ikibanza c'impanuro woshobora kuronka kova kubantu babinonosoye.

© Reta ya Australia Yefpo igice c'ambre 01/2019.



Government
of South Australia